



## Salapan Rébu Mahasiswa Anyar Ditarima di Unpad

Kira-kira 9.099 urang mahasiswa anyar ti Program Pascasarjana, Program Sarjana, Program Diploma, Program Profési, jeung Spésialis resmi ditarima di Unpad. Kagiatan prosési Penerimaan Mahasiswa Baru (PMB) Unpad Taun Akademik 2012/2013 anu dilaksanakeun dina Sidang Terbuka Senat Universitas sarta dipingpin langsung ku Réktor/Ketua Senat Universitas, Prof.Dr.Ir, Ganjar Kurnia, DEA., dilaksanakeun bulan Agustus kamari) di Stadion Jati Padjadjaran, Kampus Unpad Jatinangor.

Rektor Unpad dina pangbagéana miharep, para mahasiswa kudu kebek ku rasa sukur ka Nu Kagungan sarta suhud diajar sangkan bisa ngahontal préstasi anu saluhur-luhurna tur bisa ngaréngsékeun studi dina waktuna. Sabab teu gampang bisa asup ka Unpad mah, kudu ngaliwatan kompitisi jeung leuwih ti 64 rébu urang calon mahasiswa dina jalur SNMPTN sarta 22 rébu urang ngaliwatan jalur SMUP. Lian ti kitu, mahasiswa gé kudu boga tanggung jawab ka diri sorangan, sabab jucingna sakola gumantung kana usaha jeung kamapuh sorangan. Anu kaduana, kudu boga tanggung jawab ka kolot anu geus tisuksuk tidungdung nyiar waragad anu lain saeutik. Kacida dorakana lamun seug perjuangan para kolot teu dibales ku getol diajar. Anu katiluna, tanggung jawab ka masarakat. Sabab masarakat ngaliwatan (pajak) nagara geus méré kontribusi waragad pendidikan panggedéna (2/3-na). Ku kituna, nya ku jalan getol diajar, para mahasiswa geus dianggap boga tanggung jawab ka masarakatna.

"Ku lulusna mahasiswa kalawan tepat waktu, ngandung harti parantos maparin lolongkrang ka adi-adi anu kiwari nuju nyuprih élmu di kelas 3 SMA, sangkan tiasa neraskéun kuliah di Unpad dina taun payun," pokna.

Réktor gé nétélakeun, Unpad minasngka lembaga anu ngokolakeun atikan di paguron luhur, satékah polah terus ngaronjatkeun pasilitas pembelajaran, sarana prasarana pendidikan, pelayanan berbasis téhnologi, sarta ngolah tata cara layanan administratif lianna sangkan jadi leuwih babari dilaksanakeun ku maha-



siswa. Lian ti kitu, sacara substantif terus ngaronjatkeun kualitas akademis ku jalan ngamekarkeun SDM dosén, kurikeuleum, jeung sajabana. Kitu deui minangka lembaga anu mibanda Pola Ilmiah Pokok : "Bina Mulia Hukum & Lingkungan Untuk Pembangunan", Unpad napak dina aturan nu geus aya. Umpamana dina tata kelola keuangan, dina taun 2011 Unpad ngahontal kualifikasi WTP (Wajar Tanpa Pengecualian). Hartina Unpad pengkuh kana aturan perencanaan, pengelolaan, jeung pelaporan keuangan. Pamungkas, Réktor miharep sangkan para mahasiswa ogé aktif dina rupa-rupa organisasi kamahasiswaan saperti BEM (Badan Eksekutif Mahasiswa), BPM (Badan Perwakilan Mahasiswa), UKM (Unit Kegiatan Mahasiswa: Lises, GSSTF, Pramuka, Palawa, jsb) jeung aktifitas lianna. Lantaran "suksésna lulusan dina "dunia kerja" teu ngan ukur ditantunkeun ku niléy akademis, tapi pangalaman dina organisasi jeung kagiatan kamahasiswaan ogé boga kontribusi anu gedé dina kahidupan nu sanyatana.

Wakil Menteri Pariwisata dan Ekonomi Kreatif, Dr. Sapta Nirwandar, anu ogé nyekel kalungguhan Pupuhu Ikatan Alumni (IKA) Unpad périodeu 2012-2016 anu rawuh dina éta kagiatan, wuwuh ngarasa bungah tur milu reueus ku ditarimana mahasiswa anyar.

Kang Sapta laju ngungkabkeun, yén dirina wuwuh ngarasa waas ka mangsa lawas. 32 taun nu kaliwat Sapta ieu Alumni Fakultas Ékonomi Unpad entrangan 74 gé sarua dibariskeun, ditampa ngaliwatan prosési resmi. Kang Sapta gé reueus cenah ku kamekaran Unpad, program-programna gé haradé, jeung kiwari alumnina anu jumlahna 180 urang téh, sumebar ka sakuliah dunya nepi ka aya anu jadi Dutabesar Afrika.

"Wilujeng, kiwari Unpad tambah mekar sareng IKA Unpad gé jadi bagéan penting dina ngahontal Universitas Kelas Jagad atanapi World Class University!" pokna, tatag. Sakumaha kabiasaan Unpad dina mangsa panarimaan mahasiswa anyar, Maba (mahasiswa baru) dikudukeun mawa béas 3 kg jeung 3 buku IPTEK pikeun disumbangkeun ka masarakat anu mikabutuh. Dina kagiatan harita gé Maba dihibur ku grup "The Gee Bees" (The "GB"s), pakumpulan kasenian Angklung jeung Rampak Sekar anu personilna para Guru Besar Unpad. Harita The Gee Bees kaul mintonkeun kaparigelanana ngahaleuangeun lagu "Kopi Dangdut" jeung "Love" (Angklung) jeung "Hariring Bandung", "Karatagan Pahlawan", jeung "Sabilulungan" (Rampak Sekar). Dibagéakeun ku émprak-surak para mahasiswa anyar.\*\*\*

Asép GP